

Igisata c'imiduga
Ishirahamwe ry'ukwiyunguruza

120 State Street
Montpelier, Vermont 05603-0001
802.828.2000
888.99-VERMONT
dmv.vermont.gov

Uwuba muri Vermont gusa niwe yemerewe kuronka iceti co kugendesha umuduga, iceti co kugendesha imiduga y'urudandazwa, iceti cisununuye co kugendesha imodoka/ karangamuntu, icete c'ukwimenyereza kugendesha imodoka canke ikarata y'umwirondoro iranga uwutagendesha imodoka.

Iyi nyandiko ishobora gukoreshwa nk'icemeza ko umuntu aba muri Vermont kubatarakwiza imyaka cumi n'umunani, canke kudasaba barengeje imyaka cumi n'umunani babana n'abandi. Nk'icemeza aho umuntu aba, umuvyeyi, umurezi yemewe n'amategeko, uwufise inzu yiwe, uwukodesheje, n'abandi, bategerezwa kwuzura uru rupapuro bongere bahe DMV **kimwe muri ibi vyangombwa bikurikira** (biriko izina ryawe, n'aho uba; inumero y'ubusanduku bw'amakete).

- Fagitire y'umuyagankumba canke y'ubushuhe (yerekana uho uba)
- Fagitire y'umusoro w'umutungo wawe (iriko aho uba)
- [Vermont Tax Form LC-142](#) (Iseretifika ya nyen'inzu)
- Ikarata ya EBT ya Vermont canke ikarata y'umwirondoro ya Vermont AIM
- Ubwishingizi bwanyen'inzu/bw'uwukose (Amategeko y'ubwishingizi/icemezo c'ikirego)

Umusoda wa Amerika, uwukiri mu bikorwa vya gisoda:

- Niba uba Vermont soma aho hejuru.
- Niba uba hanze ya Vermont; ikarata y'umwirondoro y'umusoda hamwe n'icemezo cerekana ko Vermont ariho muhira mu bikuranga vy'umusoda, nk'icerekana uko ubaye ho citwa Leave and Earnings Statement canke amabwirizwa.

Icitonderwa: Ukaba ufise ikibazo co kumenya niba icangombwa cemewe canke kitemewe, baza uwujewe kwakira abantu canke uwukoresha ikibazo.

Jewe, _____, Nemeje (Izina ry'uwutanga icemezo)
ko _____, aba kuri (Izina ry'uwusaba)
_____ (Aderese y'uwusaba)
Iri zina ni ryo zina azwiko kenshi akaba kandi aba kuri iyo aderese iri hejuru.
Umukono w'AUWEMEZA Hano: _____ NEMEJE ko ibivuzwe hano ari ukuri. Indahiro igengwa n'itegeko rihana rya 23 V.S.A. §202.
Andika izina ry'UWEMEZA hano: _____
Inumero y'itelefone: _____ imeyiri : _____
Aderese y'UWEMEZA (Niba itandukanye niy'uwusaba): _____
UMUKONO W'UWUSABA: _____ NEMEJE ko ibivuzwe hano ari ukuri. Indahiro igengwa n'itegeko rihana rya 23 V.S.A. §202.

Ibisabwa mu kwerekana aho umuntu aba ku bw'iceti co kugendesha imodoka/co kwiga/c'umwirondaro

Itegeko rya Vermont rivugako uwusaba icangombwa co kugendesha imodoka/ c'ukwiga/c'umwirondaro ategerezwa kuba umunya Vermont.

Mu kwerekana aho umuntu aba, uwusaba ategerezwa kwereka kino gisata amabaruru abiri ariko amazina yiwe ya buno na aderesse abako. Ibi ntibifatwa nk'ivyangombwa vy'umwirondoro,bikoreshwa gusa mu kwerekana aho umuntu aba. Niba naho amakete adashikira aho uba, tanga bibiri muri ibi bikurikira akandi bibe vyerekana aderesse y'aho uba Atari agasanduku k'amakete:

- Fagitire y'umuyagankumba canke y'ubushuhe (yerekana uho uba)
- Fagitire y'umusoro w'umutungo wawe (ifise aho uba)
- [Vermont Tax Form LC-142](#) (Iceti ca nyen'inzu)
- Ikarata ya EBT ya Vermont canke ikarata y'umwirondoro ya Vermont AIM
- Ubwishingizi bwanyen'inzu/bw'uwukose (Ategeko y'ubwishingizi/icemezo c'ikirego)

Niba uwusaba abana n'abandi akaba ataronkera amakete yiwe aho abaye:

- Uzuzwa Icemezo c'Uwuba muri Vermont. (form TA-VL-02), Uheze utange kandi na kimwe muvyangombwa vyerekana aho uba (hejuru)vy'uwo muntu.

Umusoda wa Amerika, uwukuri mubikorwa vya Igisoda:

- Niba uba Vermont soma aho hejuru.

Niba uba hanze ya Vermont; ikarata y'umwirondoro y'umusoda hamwe n'icemezo cerekana ko Vermont ariho muhira mu bikuranga vy'umusoda, nk'icerekana uko ubaye ho citwa Leave and Earnings Statement canke amabwirizwa.

Uwuri muni ya 18:

- Icemezo c'aho umuyeyi aba Ca Vermont (form TA-VL-02), ubwambere (1) Icemezo c'aho umuyeyi aba kiri hejuru n'ivyemeza isano hagati yiwe n'uwusaba vyemewe.

Ibi bisabwa biraba, iceti co kugendesha imodoka z'urudandazwa, iceti cisununyeye co kugendesha imodoka, n'ikarata y'umwirondoro y'uwutagendesha imodoka, ariko akimara guhinduza ivyo vyangombwa, niba uwusaba afise aderesse yoherezwa amakete iri hanze y'intara ategerezwa kwerekana kimwe muri ivyo vyangombwa biri hejuru kugirango yerekane ko aba muri Vermont.(Aderesse yoherezwa amakete yemerewe mugihe uwusaba afise aderesse abako muri Vermont.)

Ibi ntaco vyononera imvukira y'ikindi gihugu ari hano nk'ingenzi. Icangombwa co kugendesha imodoka canke ikarata y'umwirondoro yotangwa kuri izongenzi, umwanya wayo uzoharana neze n'umwanya bemerewe kuguma hano, hisunzwe ko hasigaye n'imiburiburi iminsi 30.

Ibisabwa ku bw'uruhusha rwo kwiga kugendesha imodoka rwa Vermont

Niba udashoboye kuronka amakete abiri ariko izina ryawe na aderesse vy'ubu, uwusaba ategerezwa guha iki gisata kimwe mu vyangombwa vyavuzwe hambavu y'icemezo c'ukuba muri Vermont(ifomu TA-VL-02). Niba uwusaba ari muni y'umyaka 18, umuyeyi /umurezi azosabwa gutanga kimwe mu vyangombwa vy'aho aba.

Niba uwusaba atari imvukira ya Vermont, ashobora gusa kuronswa uruhusha rwo kwiga kugendesha imodoka mu ntumbero yo gukurikirana ivyigwa vyo kugendesha imodoka canke vyo kwimenyereza. Uwusaba ategerezwa guha iki gisata kimwe mu bikurikira:

- Ikete rivuye kw'ishure ryemeza ko umunyeshure/uwusaba agiye kwinjizwa mu cigwa co kugendesha imodoka, canke,
- Ikete rivuye mw'ishure ryo kugendesha imodoka rivugako uwusaba/umunyeshure yinjijwe mu cigwa.